Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 33 (7277)
11 август 2017 сон
Рузман
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Глава РД поднялся на 34 позиции в рейтинге влияния руководителей республик



Глава Дагестана Рамазан Абдулатипов за последние четыре месяца текущего года поднялся на 34 места в рейтинге влияния глав субъектов РФ, составленном Агентством политических и экономических коммуникаций (АПЭК).

В апреле текущего года руководитель республики занимал в том же рейтинге 76 место, в мае – 68, в июне – 58, а в последнем рейтинге, за июль – 42 место.

«Глава РД Рамазан Абдулатипов (42-е место) значительно наращивает свое политическое влияние. В возглавляемом им регионе ситуация с элитами существенно улучшилась», — отмечают специалисты АПЭК.

Стоит отметить, что экспертный опрос, на результатах которого основан рейтинг наиболее влиятельных губернаторов в России, проводится методом закрытого анкетирования специалистами российской компании, работающей в сфере исследований, в том числе политических, рейтинговых и региональных, а также общественных коммуникаций и медиа-проектов.

В июле в нем участвовало 26 экспертов: политологи, политтехнологи, медиаэксперты, журналисты. Сначала каждый из экспертов оценивает влияние каждого из кандидатов, представленных в анкете, а затем определяются средние арифметические значения экспертных оценок.

Итоговый рейтинг представляет собой консолидированную оценку влияния всех глав регионов России лидерами российского экспертного сообщества.

Экстремизм

## ГIодоре риччан рукIине бегьуларо

Гьал къоязда Шамильхъалаялъул поселокалъулаб администрациялда тIобитIана экстремизм-терроризмалде данде къеркьеялде буссараб хIалтIулаб группаялъул гIатIидаб данделъи. Тадбиралда гIахьаллъана «Унсоколо район» МОялъул АТКялъул нухмалъулев М. ХIамзатов ва специалист Ж. ГIалиевги.

Рагьана ва бачана данделъи поселокалъул администрациялъул бетIер М-ХI. ХIажиевас. Гьенив кIалъарав М. ХIамзатовас жиндирго кIалъаялда бихьизабуна хIалтIулаб группаялъ цIикIкIараб хIалтIи гьабулеб бугин районалда экстремизм-терроризмалъул асар лъугIизабиялъе,-абун. Гьединал группаби гIуцIун руго росабазул администрациябаздаги. Гьединго гьес бихьизабуна оперативияб рахъалъ районалда гIодобе биччараб ахIвал-хIал бугониги экстремизм-терроризмалде данде гьабулеб профилактикияб хIалтIи районалда гIодобе ккезе тезе бегьуларин, гьеб иш бербалагьиялда гъоркьа борчIизе тезе кинго рес гьечIин.

Гьединабго пикру загьир гьабуна цогидал кIалъазе рахъаразги. Гьез бихьизабуна интерненталдасан гIолилаз хIал лъаларел гIадамазулгун лъай-хъвай гьабулеб бугин, гьенисан бачIунеб бугин батIи-батIияб идеологиялъул асар гIадамазде гьоркьобе,-абун.

Ахиралда поселокалъул бетIерас гIахьаллъаразе баркала загьир гьабуна пайдаял предложениял кьураб тадбиралъухъ ва рагIи кьуна диниял хIаракатчагIи ва поселокалъул жавабиял гIадамалги гьоркьоре рачун, хадубккун экстремизм-терроризм гIадамазде гьоркьобе биччангутIиялъе хIалтIаби гьаризе ругин.

## Районазул хаслъаби рихьизарураб праздник

(Районалда букIана «Голос Евразии» националияб вещаниялъул рамкаялда жаниб гIуцIараб гIадатазул ва культураялъул Центразул фольклориял коллективазул фестиваль)





Араб анкьалда нилъер гьобол хирияб ансадерил ракьалда, Шамильхъала поселокалда ТIолгороссиялъул «Голос Евразии» националияб вещаниялъул рамкаялда жаниб тIобитIана «Традиции Дагестана» Россиялъул халкъазул гIадатазулгун культураялъул Центразул фольклорниял коллективазул праздник. Фестиваль унеб букIана РДялъул БетIер Р. ГIабдулатIиповасул, ТIолгороссиялъул пачалихъияб «Дагъистан» ГТРК телекомпаниялъул, РДялъул Халкъияб Собраниялъул квербакъиялдалъун. Гьеб гIуцIараллъун цере рахъана РДялъул культураялъул министерство, халкъияб творчествалъул Рукъ, Унсоколо районалъул администрациягун культураялъул управление.

Райадминистрациялда цебе бугеб майданалда гьалбадерида рихьизарулел рукIана росабазул сценическиял азбарал, выставкаби, рачIун рукIана батIи-батIиял регионаздаса телевидениялъул хIалтIухъаби ва цо-цо цогидалги жавабиял гIадамал. Гьелгун дандчIвана районалъул бетIерасул замал С. АрулмухIамадов, М. ХIасанова, М. ХIамзатов, кумекчагIи М. ХIажиев, Р. ХIайбулаева, районалъул халкъияб Собраниялъул пред. К. Асадулаев, отделазул начальникал, учреждениял-организациязул нухмалъулел.

Гьалбадеридехун ва гIахьалчагIаздехун саламалъулаб рагIабигун кIалъана С. АрулмухIамадов. Жиндирго кIалъаялда гьес абуна: «Ассаламу гIалайкум хириял гIахьалчагIи ва гьалбал! Ниж рохарал руго Унсоколо районалъул баракатаб ва хирияб ракьалда нуж къабул гьаризе щвеялдаса. Гьанир гьаруна ва гIуна цIар арал васал-имамал ГъазимухIамад ва Шамиль, цIар рагIарав революционер М. Дахадаев, поэт-лирик ХъахIабросулъа МахIмуд. Ниж гIорхъи гьечIого рохарал руго нижер ракь гьадинаб тадбир тIобитIиялъе тIаса бищиялдаса. РДялъул БетIер Р. ГIабдулатIиповас абуна «Культура буго киналго кьучIазулги кьучI, общество цебетIеялъе ва къиматаблъун гьабиялъе националиял идеязул кьучI. Щайгурелъул культура буго аза-азар соназул гIадамазул хIалбихьи»,-абун.

-Нилъер ракьалъул культурияб гIатIилъи гIемер батIи-батIияб ва къимат тIадегIанаб буго. Гьаб праздникалъ чIахIиял ресал кьезе руго гьел къиматал жал, гIадатал, ирс цIуниялъе, нилъер республикаялъул рухIияб патенциал ва культурияб цебетIей жеги цебетIезабиялъе, гIелаз гIелазухъе кьеялъе, гьелъул кьучIалда гIолеб гIел куцаялъе, гьезулъ ВатIаналде рокьи бижизабиялъе.

Нилъер республика кидаго чIухIулаан культураялъул хIалтIухъабазул махщалидаса. Гьез творческиял цIилъаби ралагьи хадубккунги цIунилин ва гIемер гьабилин хьул буго гIаммаб культураялъул ишазулъ. Жакъа-ракI-ракIалъ баркала кьезе бокьун буго фольклорниял коллективазе, гьединго тIолалго культураялъул хIалтIухъабазе. Культураялъул ва гIадатазул цIиял ва гъваридал ишал загьирлъиялде хьул гьабулеб буго гьездасан. ЦIилъизабе халкъалъул рухIияб рахъ, ахIе гIаданлъиялде, лъикIлъиязде, цоцада ричIчIиялде. Гьарула киналго гIахьалчагIазе щулияб сахлъи, къвин гьечIеб творчество, цIиял бергьенлъабазде цIияб гъира! ТалихI, рекъел, битIккей, нужее ва нужер гIагаразе!-ян лъугIизабуна гьес жиндирго кIалъай.

**(Ахир 2 гьумералда)**

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 33 (7177)*

*11 август 2017 сон*



45 градусалъул аномалияб багIари Дагъистаналда хисана чваххун цIадаз ва хехал гьураз. Гьелъ цIикIкIараб зарал ккезабуна тахшагьаралъе ва мугIрул цо-цо росабазе. Гьенир къуватал гьураз регизаруна электрикалъул хIубал, тIезаруна кварал, кьолболъа рахъана гьутIби, хвезаруна чердакал. ГьабсагIаталда МЧСалъул хIалтIухъаби хIалтIулел руго зарал гIодобе ккезабиялда тIад.



# Районазул хаслъаби рихьизарураб праздник



Гьединго саламалъулаб калам гьабуна «Дагестан» ГТРКялъул директорасул зам. С. Хавчаевас. Фестивалалъул гIахьалчагIилъун рахъана Унсоколо, ГIахьуща, ГIахьвахь, Ахты, Больихь, ЦIияб Лак ва Шамиль районазул культуриял Централ. Гьединго цере рахъана Унсоколо, Генуб, ГьаракIуни, Колоб, Майданское росабазул Централги. Рихьизаруна умумузулаб къайи-цIа, гIумро гьабиялъул къагIида, ратIел-тIех, ансадерил ишан кьабиялъул мастер-класс ва националиял квенал. Бокьарас хIалбихьизе бегьулаан махщелазул ва кванил.

Праздникалъул программаялда букIана «АхIулгохI» мемориалияб комплексалде щвей. Гьалбадерил рагIабазда рекъон гьел хIайранлъун рукIана праздникалдаса, районалъул берцинлъиялдаса.



РакIалде щвезабизин гьединаб праздник тIобитIулеб буго ункъабилеб нухалъ батIи-батIиял регионазда. ТIоцебе букIана Бурятиялда, кIиабилеб Башкириялда, лъабабилеб Хакасиялда. Дагъистан Республикаялда фестиваль унеб букIана 3-6 августалда. Гьенир гIахьаллъана тIолабго континенталдаса журналистал, этнографал, культурологал. Тадбиралъул программа гIуцIун букIана телепрограммабазул, мастер-классазул, дискуссионниял площадкабазул, экскурсиязул ва Дагъистаналъул халкъиял промыслабазул, гIадатазулгун культураялъул бечелъабиги гьорлъе рачун.

## Объявлен конкурс «Герой нашего времени»

В рамках выполнения ведомственной программы Министерства обороны РФ по реализации государственной программы «Патриотическое воспитание граждан РФ на 2016-2020 г.» в Вооруженных Силах РФ в период с 1 июня по 1 ноября 2017 года проводится III Всероссийский Конкурс военного плаката «Родная Армия»

Оргкомитетом определена основная тема конкурса: «Герой нашего времени» (герои Великой Отечественной войны 1941-1945 годов, Герои России, исторические герои).

Конкурсные работы направлять в ВК РД (через отделение по работе с гражданами) ежемесячно к 23 числу, от каждого автора принимаются не более трех работ, от коллектива авторов – не более пяти работ (размеры плаката – А3, А2, А1, А0)

**Д. МУСТАФАЕВ**

**Военный комиссариат РД**

Районалъул газета гIуцIун - 80 сон

# *Газеталъул тIогьиллъарал гьурмаздаса*

**Районалъул газета гIуцIана I937 соналъул декабрь моцIалда. Исана 80 сон тIубала гьеб гIуцIаралдаса. Гьел соназда жаниб газета къватIибе ана «Унсколо колхозник» ва «Ахихъан» абурал цIаразда. Жакъа нижеца лъолеб буго 1953 соналъул газетаздаса цо-цо материалал.**

Газеталда бахъичIеб материалалъул хIасил

## ГIабдулаевасул кIвар гьечIолъи

Гьадинаб бетIералда гьоркь «Унсоколо колхозник» газеталъул редакциялде бачIараб материалалда бихьизабун букIана Дударовасул цIаралда бугеб колхозалъул председатель ГIабдулаевасул бичча-бихьан теялъул хIасилалда ихдалил хурзабахъгун ахакь гьарулел хIалтIаби гIодобегIанаб къагIидаялда унеб букIин. Гьелъие мисаллъун бихьизабулеб букIана рекьаризе кколел 80 оцаздасан 40 оц гурони рекьаризе кIолел гьечIолъи, гьелги щибаб кьоялъ радал сагIат I0 ялдаса сагIат 4 ялде щвезегIан, ай 6 сагIаталъ гурони хIалтIизарулел гьечIолъи, гьел хIалтIизаризе ккани гьезие базе хер ва кIалцIи гьечIолъиялдалъун. Бекьараб бакI качество гьечIеб бугила, рагIа-ракьан къачIалеб гьечIила, бекьизе щуго тонна картошкадул, I,5 тонна пурчIинадул ва лъолъол, багIаргьалил хьонал гьезего гьечIилан.

Ахакь гьарулел ихдалил хIалтIаби – гьутIби кIури, хьахI гьари, заз-хъарахъалдаса рацIцIад гьари, лъалъай ва цогидалги хIалтIаби гIураб хIалалда гьарулел гьечIилан, гьединго хурзабахъегун ахакье 300 тонна гурони рак баччичIеб бакIалда 600 тонна рак баччараблъун бихьизабун бугилан.


Унсоколо колхозник

Гьеб материал цIехезе жидехъе битIараб КПССалъул Унсоколо райкомалъул росдал магIишаталъул отделалъ редакциялде лъазабуна, материалалда рихьизарурал фактал ритIарал ратанилан ва гьел тIагIинариялъе тадбирал гьарунилан..

## ХIукуматалъе гьан-нах кьей нахъе ккун буго

ХIукуматалъе гьан-нах кьеялъул планал заман щвелалдего тIуразариялда тIад партиялъги хIукуматалъги цIикIкIараб ва гьоркьоса къотIи гьечIеб кIвар кьолеб бугониги нилъер районалъул цо-цо росабалъ гьеб иш хадуб бехъерхъун тун буго.

Мисаллъун босани Унсоколо росдал совет. Гьениб I904I кило гьанал кьезе кколеб бакIалда 28I кило ва I028 кило нахул кьезе кколеб бакIалда I03 кило гурони кьун гьечIо. ХъахIабросдал советалда I932 кило гьанал кьезе кколеб бакIалда 30 кило ва I68 кило нахул кьезе кколеб бакIалда 25 кило гурони жеги кьун гьечIо. ГIашилтIа росдал советалда 8456 кило гьанал кьезе кколеб бакIалда 92 кило, I27 кило нахул кьезе кколеб бакIалда 35 кило гурони кьун гьечIо, гьеле гьединабго хIал буго Игьали росдал советалдаги.

Рехсарал росабазул советазул председательзаби гьеб жавабияб ишги хьолбохъан биччан, щибго ургьел гьечIого чIун руго, райуполминзагалъул агентазе кколеб нухмалъи кьолеб ва кумек гьабулеб гьечIо. Гьелдалъун гьел росабазул советазе къваригIараб буго жидерго гьеб ничаб нахъеккеялъе кьокъаб заманалда ахир лъезе.

**М. АРСЛАНГЕРЕЕВ.**

## КIвар гьечIолъи

Балахъуни Куйбышевасул цIаралда бугеб колхозалъул гIи-боцIул фермаялъул завлъун вугев НурмухIамадов Бадрудинил кIвар гьечIолъиялдалъун колхозалъул цIанада гьорлъа ратIа гьарун рукIарал хIалакъал цIаназул, цо-сордо кьоялда тIаде чи ваккичIого жанир хутIиялдалъун 2 жо хун батана. ГIайиб бугев цIехезе ккела.

**М. ГЪАЗИЕВ.**

**Балахъуни.**

## Жавабалде ахIе

Гьаб соналъул I5 абилеб январалда ЦIатIанихъ росдал захIматчагIаз жидее пачалихъалъ биччан бугеб ролъ босизе Буйнакскиялде вакилзабилъун ритIун рукIарал МухIамадов Пахрудиницаги МахIмутI ХIажиеваги ролъ босизе ун рукIарал колхозниказда ролъ щвечIинги абун, чIорого эхеде гьелги регIун, жидеего 544 килограмм ролъул нахъе лъуна.

Гьев кIиявго хIиллачи прокурорас жавабалде ахIизе ккела.

**Къалам бегIер**

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№33 (7177)*
*11 август 2017 сон*
3 гъумер

К родителям любовь не рвется в клочья,
Нельзя сказать, что любишь больше мать.
Для них обеих я все так же дочка.
Пусть иногда не в силах их понять.

Родителей, как жизнь, не выбирают,
Они нам всем дарованы судьбой.
Спасибо им за то, что воспитали,
За то, что сердцем рядышком со мной.





Интервью

# Чемпион мира



**На Чемпионате мира по джиу-джитсу, который проходил 12- 14 июля 2017 года в Москве наш земляк Батыров Батыр Далгатгаджиевич, уроженец с. Гимры Унцукульского района занял первое место. О своих спортивных достижениях, а также секретах своего успеха он рассказал нам в своем интервью.**

**-Расскажи о себе, Батыр.**

-Родился я в 1995 году в селе Гимры Унцукульского района. С ранних лет начал увлекаться спортом. Сначала это была вольная борьба. Потом где – то уже в 7- 8 классе я начал заниматься кикбоксингом. После окончания 9 классов я поступил в Дагестанский политехнический колледж и параллельно занялся уже смешанными боями. А потом и джиу-джитсу.

**- Не поделишься с нами своими успехами?**

-В 2014 году я участвовал в турнире по панкратиону, организованный Московской Федерацией Панкратиона и занял третье место. Но уже в 2016 году на этих же соревнованиях у меня было первое место. 4 июня 2017 года на соревнованиях на Кубок России по профессиональному боевому самбо, которые проходили в Санкт- Петербурге, я занял первое место. Ну и недавний мой успех-первое место на Чемпионате мира по джиу-джитсу в Москве.

**- Твои чувства, ощущения после боев и особенно побед?**

-Радость победы в первую очередь. Но в начале не осознаешь полностью и начинаешь понимать только тогда, когда к тебе подходят, поздравляют. Тогда и начинаешь понимать значимость своего достижения.

**- В чем секрет твоего успеха?**

-Упорный труд –это однозначно.

**- Как готовишься к бою?**

-В первую очередь - это тренировки. Например, последние соревнования проходили в месяц поста, но это меня не остановило. Я упорно тренировался, готовился, хотя тренировки были иного характера, учитывая специфику месяца.

**-Что скажешь о своих соперниках? Доставили ли они тебе хлопоты во время боя ?**

-Соглашусь, что были сильные соперники и было трудновато. Но этим и интересен бывает бой.

**-Серьезные травмы были?**

-Вывих колена, много раз сотрясения мозга. Но я лечился и снова продолжал тренироваться и участвовать в боях .Во время одно из боев я получил серьезную травму- сотрясение мозга. Врач запретил мне заниматься боевыми единоборствами, а именно «ударными», как говориться видами спорта. И я полностью перешел на джиу-джитсу, так как Джиу –джитсу -вольная борьба, с особой системой приёмов самозащиты.

**- На сколько джиу-джитсу в данное время популярен среди молодежи у нас в Дагестане?**

-Популярность джиу-джитсу набирает очень большие обороты?

**- В чем секрет популярности этого вида спорта?**

- Одним из основоположником бразильского джиу-джитсу, которым я занимаюсь, является Хелио Грейси. Будучи сам по себе худощавого и малого телосложения он занялся развитием этого вида спорта, целью которого побеждать более сильного и крупного соперника. Это и было доказано им участием в неоднократных боях с более сильными противниками. Не смотря на свою комплекцию он одерживал победу.

**-То есть у этого вида спорта есть своя индивидуальная техника приемов, помогающая побеждать не смотря на физическое превосходство противника.**

- Именно так. Например, спортсмен весом чуть более 50 кг вполне сможет одержать победу над своим оппонентом весом превышающим даже в два раза его самого.

**-Родители поддерживают тебя в твоем деле?**

-Мама конечно, сперва с опаской относилась к моим занятиям и даже порой отговаривала. Но сейчас она, как и отец поддерживают меня во всем и я очень им благодарен за это.

**-В мире спорта есть кумиры?**

-Конечно. Это безусловно, Мухаммед Али.

**-Твой жизненный девиз?**

-Упорный труд и самоотдача.

**-Какие планы на будущее?**

-Закончить учебу. В данное время я учусь в Дагестанском политехническом университете. Ведь образование – это главное. А в спорте планы- это тренироваться и выступать.

**-В дальнейшем рассматриваешь перспективу заняться тренерской деятельностью ?**

-Думаю, что может быть. Сейчас например, пока тренер в отъезде, я его замещаю, веду тренировки с его учениками. Начало уже есть, так сказать. Так что, почему бы и нет.

**-Что можешь пожелать ребятам, которые только начали заниматься спортом?**

- Как говорится, победа – 99 % труда и 1 % успеха. Так что желаю не сдаваться и упорно трудиться.

**- Спасибо Батыр за такое интересное интервью. Дальнейших тебе побед!**

# *Дуйго бокьулареб чидай гьабуге*

***(васасе малъа-хъвай)***

Щвараб гIор гIадинан гIолохъанлъи ун,
ГIемерал рихьана хадур ракI бухIун.
Гьабуни гурони батуларелъул
ЦохIо минуталъги тохго вукIунге!

ГьитIинго босараб лъай-гIелму, махщел
Кидаго батула, хазина гIадин.
ЛъикIаб босизеги, квешаб тезеги,
Таваккал гIунани, талихI буго дур.

ГIакълуялъул аслу-сабру бугелъул,
Цицадаца квегьизе кинго мун чIоге.
Бицине нечараб гьабичIого те
Гьабизе нечараб ургъичIого чIа!

Гьабулеб ишалъулъ тIоцебе дуца
Нигат бацIцIад гьабе, беццараб буго,
Унтарав, щокъларав, къварильи бугев
АскIове вач1ани гурхIел-цIоб гьабе!

МагIишат гIемерлъун, хьулухъ лъикIаб щун
Вореха, гьарула, гIамал хисуге,
ГIамал гьитIинавлъун мун вукIанани
Аллагьас гьедигIан кIодо гьавулин.

Вореги чIухIи те, хIалимго вукIа
ХIеренаб рагIуца мегIер борлъулин,
Бусурманчиясул адабги цIунун
ЦIодорго хьваде мун, гьарулеб буго.

Дуйго бокьулареб чидай гьабуге
Чияца гьабураб хIехьонги чIоге,
Гьабулеб ишалъулъ ритIухъльи цIуне
ЦIунила Аллагьас, Иншааллагь мун.

Инсул гьудуласул ва гьоболасул
Гьоркьобльи кидаго хвезе биччаге,
Бокьараб мехалда къваригIел ккани
Дуда гьел кидаго ратизе руго.

Херлъизе вукIинги, хвезе вукIинги
Кидаго рекIелъа ине биччаге,
Бичас къурал къоял лъугIун иналде
ТIагIат гьабиялде цIикIкIун кIварги кье.

Щибаб къоялъ къасе тавбуги гьабе
Толебин дуцаги гьаниб дуниял,
Доба батизелъун кIвахIаллъичIого
Иман-исламалъул гьудуллъи гьабе.

Хун цереса унел эбел-эменги
КIочене риччаге, рогьо букIунин,
Къулгьугин садакъа, ресалда рекъон
Рузман къоялъ гIаги кьечIого тоге!

**ГIабдулвахIид ХIАЖИЕВ.**

ГIолилазе кумекалъе

# Нилъгоги гьединаллъун лъугьине бегьула



**Санал ранагIан цо щибали бичIчIу-лареб ахIвал-хIал лъугьунеб букIуна нилъер умумазул гIамал-хасия-талъулъ. Гьезул экономия гьаби нилъеда бихьула къарумлъилъун, нилъедехун кIвар буссинаби багьанаби ратилъун. Кин ба-тилеб гьезулгун гIам-маб мацI?**

*Гара-чIвариялдасан разилъилин хьул лъоге, амма эбел-инсулгун бакIаб гара-чIвари букIине кколеб бугони нужерго цщим нахъе ккезабе. Цо минуталъ захIматго букIина, хадубккун нужеца яхI гьабуни нуж разилъизе руго. Цщим бахьун лъугьине гIилла гьечIо, гьел нужер умумал гурелги 20, 30, 40 сонидасан нилъгоги гьединаллъун лъугьине бегьула…

***Руль нужехьего щвезе бугo**

Нилъ ругьунлъун руго эбел-эмен къуватал гIададал рукIиналде; гIакълу кьола, кумекги гьабула. Амма бачIуна заман кинабго цебе бачине нилъедего кколеб. Гьезие бокьула нилъ кинабго рахьалъ церетIурал, бажари бугел рукIине. ЛъугIунеб гьечIелъул рахьалъ бицине цIакьго херлъарал эбел-инсухъе рачIани гьанже гьеза нилъее кинаб букIаниги кумек гьабизе бажаруларо. Гьединаб мехалъ кIиго ритIухъльи буго: лъикIаб бицин ва доб киданиги гьеза лъачIого тезе лъикIаб жаниб тезе.

*** Гьезул бакIалда нужго лъезе хIалбихье**

ВичIчIизе ккола щибго бихьуларев, рагIуларев, тIаде вахьине кIоларев чи. БецIлъуда чIун хIисаб гьабе кинаб букIунеб щибго бихьуларев чиясул гIумро. Кьо гьоркьоб ун щивав чиясул бажари гIодобе ккола. Гьелъул гIемерал мисалал руго. Кинабго рахьалъ кIудияв чи вичIчIизе тIалаб гьабе ва ракI барахще гьезда! Данде къацандуге гьелгун. ГIемераб мех букIуна гьезул ишазе къимат кьезе бокьараб, гьарула гьез жалгоцин тIад рекьоларел гIадал ишал. Амма кIочонге, херав чиясда бокьараб жо кIочон тезе бегьула. Гьев щив дуе кколевали ракIалде щвезабе, гIакьло цебе ккезабе, хадуб бигьалъизе буго.

***ЛъикIабщиналъул бице**

Херлъидал лъикIабщиналъ асар гьабиги дагьлъула. ЛъикIалъул гьезие бициналъул кIудияб кIвар буго. ЛъикIлъабаздалъун битIизабе гьесул гIамал-хасият.

*** ТIаса лъугьун те, гIамалал.**

РакI дур гьес бакьвазабун батани, гьеб сон къоялъуль те. Жакьа мун гьезда тIаса лъугьинчIони метер гьев вукIинчIого вукIинеги бегьула! Цо кинаб букIаниги суалалда хурхуу цойиде нуж рачIинчIони, гьеб тIасан галиги тIамун тезе лъикIаб буго. ДагIба-рагIиялъул суалазда хьатIуге. Щиб бугониги кепаб жо бицун релъанхъизаре херал. КIочонге кепав херав сундулъго хIинкъизе кколарев вукIунебльи.

**М. Н. СКВОРЦОВА.**
**Хъизаналъул психолог.**

НВФ: терроризм

# Гражданлъиялъулаб позиция лъазабуна




Гьаб соналъул 26 июналда Унсоколо районалъул бетIер, районалъул АТКялъул председатель ГI. НурмухIамадовас видео-хитIаб гьабун букIана НВФялъул гIахьалчагIазде ва гьезул кумекчагIазде жидедасаго ккараб гIайибалъеги мукIурлъун ихтияр цIунулел органазухъе рачIа,-ян, гьединго гIадамазул кIвар буссинабун букIана законияб гуреб куцалда цIунараб ярагъ батани нахъе кье,-ян. Балахъуни росулъ гьелъул бицун тIобитIараб данделъиялда бетIерас, диниял гIадамаз, росдал активалъ хIукму гьабуна гьабсагIаталдаги хIалтIулеб НВФялъул член Шарипов Ильяс Расуловичасдехун гражданлъиялъулаб позиция лъазабизе, гьедин лъазеги гьабуна.

ГьабсагIаталда росдал активалъ хIажатал тадбирал гьарулел руго бугеб гIайибалъеги мукIурлъун Шарипов Ильяс Расулович органазухъе вачIиналъул мурадалда.

## Лъие пайдаяб бугеб цIел рахь?

ЦIел рахьдаца организмаялъулъа инарула радионуклидал ва бакIал металлазул цIамал, кванирукъ, бакъал унтаразеги пайдаяб буго гьеб.

I. ЦIел рахьалъ стрессаздаса ва физическиял бакIлъабазда хадуб организм рукIалиде ккезабула. Гье лъул кIудияб дандечIей букIуна раковиял унтабазде данде, злокачественниял клеткабазде бидул хиса-басиязде данде хIалтIула.

2.ЦIел рахь пайдаяб буго кIудиязеги гIисиназеги. Гьелъ пищевияб аллергия лъугьинабуларо, чехьбакь гьорозабуларо, бигьаго бигьинабула, пищеварительнияб системаялъе бигьалъи гьабула.

3. ЦIел рахьалъ чорхолъа нахъе инарула радионуклидал ва ракIал металлазул цIамал. Гьеб гуребги рахьдаца бидулъа гIодобе ккезабула кьаралъиялъул бляшкаби-«квешаб» холестерин. РекIелгун бидурихьазул хIалтIи лъикIлъиялъеги гьелъ кIудияб роль хIалтIизабула.

4. ЦIел рахь пайдаяб буго кванирукъалъулгун бакъазул хIалтIуеги. Гастрит язва бугез гьекъезе бегьула гьеб. Гьелъулъ руго гIемерал рутьнал сах гьарулел жал, кумек гьабула пайдаяб флора рукIалиде ккезабизе.

Рес бугони сундасаго лъикIаб буго гьализабичIого ва цоги жоялъулъ жубазабичIого цIел рахь гьекъезе. КIудияс суткаялда жаниб I стакан цIел рахь. I-I2 сониде щвезегIан гIумро бугеб лъимал азе – I00 гр. Каранда ругел (3 моцI баралдаса) рахь (I:I) хинаб лъим жубазабун кьезе ккола.

Нужеда рагIун букIанищ?

# Л. Н. Толстоясе церковалда вачIине гьукъун букIана

Лев Николаевич Толстоясе церковалде вачIине гьукъун букIана. Гьелъие аслияб гIилла букIана гьесул «живго кIодого вихьи» цIакъго цIикIкIун букIин.

Цо рахьалъ гьев вукIана гIурус гIумроялъул рукIа-рахъин, I8I2 соналъул рагъулаб баталий гьваридго бихьизаризе кIварав, Ростовазул, Болконскиязул гьваридал гIамал-хасиятал рагьизе к1варав хьвадарухьан. Гьесул произведениялдасан гIуцIун буго гIурус чиясул дунялияб бичIчIи.

Цогияб рахьалъ гьесул чIухIи;

Толстоясе гIолеб букIинчIо цо хьвадарухьанлъун вукIин, гьесие бокьана авараглъун вахьине. «ГIиса аварагасда цеве накабазда чIезе кIоларо»,-ян абулаан гьес. ГIумроялъул ахирисел сонал гьесул ккола кутакалда живго берцин вихьараб заман. Ясная-Поляналде Толстой вачIана чодаги рекIун. Гьеб абуни хириял бакIазде хириял жал кодоргун рачIарал постоянцаз адаб гьабунгутIилъул рикIкIунаан. Живго иконлъун гьавун, ботIродаса шляпаги бахьичIого гьев хириял бакIазде вачIин диниял чагIазда хIехьезе кIолароан. Амма кин бугониги ТIадегIанас битI ккезабулаан гьесул ишазе. Ясазулъ христианствалде рокьукъльи куцалаан гьес. Ахиралда хвалда цеве гьелъухъ тIаса лъугьине гьаризе лъималаз виччачIо Толстой. Гьединаб букIана Толстоясул христианствалдехун бербалагьи.

# Дагестанцы через МФЦ могут получить весь пакет услуг по оформлению земли

Дагестанцы в многофункциональных центрах «Мои документы» могут получить полный пакет услуг по оформлению земли, сообщили РИА «Дагестан» в пресс-службе республиканского МФЦ.

По словам источника, оформить так называемую «зеленку» граждане могут через многофункциональные центры по минимальной цене – от 4 тыс. рублей. Весьма низкая цена услуги связана в первую очередь с тем, что МФЦ является государственной организацией, главная цель которой создать максимально благоприятные условия для регистрации прав граждан на недвижимость.

«Если гражданам нужно оформить земельную собственность, то им следует обратиться в центр с любым правоустанавливающим документом, будь то выписка из похозяйственной книги, свидетельство о праве на наследство, постановление, членская книга садовода или любой другой документ. Чтобы не стать жертвами мошенников, лучше всего воспользоваться услугами государства, а точнее обратиться в центры "Мои Документы"», – рассказал собеседник агентства.

Отметим, что в первом полугодии по вопросам оформления земли и другого недвижимого имущества в многофункциональные центры Дагестана обратилось свыше 143 тыс. человек. В основном граждане обращались за услугами по государственной регистрации права собственности. За получением «зеленки» граждане обращаются в самых разных жизненных ситуациях: при оформлении как первичного права собственности, так и при его переходе по праву наследования. В центрах госуслуг также оформляется регистрация права собственности по ипотечным кредитам.

Ракьалъул бечелъи

# Даруяб лъим



Рихьуни росулъе унаго нухда цебегоялдаса нахъе буго сероводородннияб иццл. Гьелъул байбихьи буго Юрский заманалдаса ва гIемерал саназда жанир тIабигIаталда ккарал хиса-басияздаса хадуб жибго эбелаб ракьалъ халкъалъе сайгъат гьабуна гьайбатаб даруяб лъим. Абула тIабигIаталда гьедин лъим лъугьунин мугIрул ракьалда гьоркьоб техническиябгун климатическияб, геоморфологическияб ва цогидаги факторазданьун. Гьелъул букIуна батIи-батIиял унтаби сах гьаризе бажари ва гьелда кьурабазул кьватIалабаздасан бецIцIулелъул абула «Трещиная вода»,-абун. Гьелъул бажарула радикулит, остеохондроз, артрит, артроз, гьединго кванирукъалъул, бакъазул, почкабазул, тIулал батIи-батIиял унтаби сах гьаризе. Лъим хIалтIизабула гьорлъ регизе ва гьекъезе.

Гьеб лъел буго жиндирго кьуричIого хIалтIизаризе кколел къагIидаби. Процедура буго гIадатияб, амма кьвараРаб, инструкция цIуни букIине ккола.

Бищунго хIаракатаб лъим букIуна сах гьариялъе моцIрол календаралда рекъон тIоцебесеб I0 къо ялъ. Пайда босизе лъикIаб буго бугеб бакIалдаго, иццдаса рикIкIад гьелъул даруялъул свойство холелъул. Ванна гьабулеб бугони, цIунизе ккола гьадинал правилаби: лъим букIине ккола хинаб, бухIараб букIине бегьуларо. Гьорлъе базе бегьула чабрец, гьеби гьенибго аскIобго гIолеб буго. ГIадамасул сахлъиялъул тIабигIаталъго хIажатабшинал компонентал чIезарун тIалаб гьабулеб бугеб гIадаб асар лъугьуна гьелъухъ балагьун. Лъелъ ччузе ккола унтараб бакI. Гьелъулъ тIерхьинабизе лъикIаб гьечIо ракI бугеб бакI. Масала, нужер накаби унтун ругони, лъадалъе риччала накабазде щвезегIан. Гьенибго гьекъезе лъикIаб буго чабрецалъул чай. Процедураби гьарула 3 къоялъ, 5 къоялъ, 7 къоялъ, тIокIаб тIаде гьаризе лъикIаб гьечIо. ТIоцебесеб къоялъ щуго минуталъ, кIиабилеб къоялъ – I0 минуталъ, лъабабилеб къоялъги – I0 минут. ТIокIалъ тIаде регизе гьукъун буго. ГIемераб мехалъ регани унтаби цIилъизе бегьула.

Лъелъ регун хадуб бала кутакаб гIетI, гьелъие кумек гьабула хурдузул чаялъги. Ванна гьабун хадур тIупа-куцун регизе лъикIаб буго, бачIинахъего рахьун хьвадизе лъикIаб гьечIо.

Гьеб лъелъ регулаго руго цо-цо дандеккунгутIаби: гьеб данде кколаро онкология бугезе, лъимер гьабизе ругезе, операция гьабун хадуб. Гьабизе ккола лъагIалил жиндаго заманалда.

Лъим гьекъолеб бугониги руго гьелъул гьадинал къагIидаби. Лъим гьекъезе ккола фарфоровияб, эмалированнияб яги цIорол тIагIелалъусан. ГIемер гьекъезеги бегьуларо гьеб, кьойида жаниб I стакан.

Лъим баккараб бакIалда рачIаразе бигьалъиялъе гьениб лъун буго ёмкость, бан буго гьитIинаб 2 этажалъул мина. I этажалда буго лъим хинлъизабулеб котел, бихьиназеги руччабазеги ваннаби лъурал рукъзал, хинабги цIорорабги лъим рекъезабизе рес. КIиабилеб этаж буго хIалхьи гьабиялъе.

БитIун ккаги щивасе даруяб лъим!

## ЛЪАЗАБИ

Шамильхъала гьоркьохъеб школалъ 2015 соналъул I6 июналъ ГIабдусаламов МухIамад ХIосейновичасул цIаралда кьураб № 005I800I0I0602 бугеб гьоркьохъеб лъай кьеялъул аттестат тIагIун буго. Гьанжеялдаса гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.

## ЛЪАЗАБИ

Шамильхъала гьоркьохъеб школалъ 20I5 соналъул I6 июналъ Сайпулаев ГIабдусалам Ибрагьимовичасул цIаралда кьураб № 005I800I0I06I3 бугеб гьоркьохъеб лъай кьеялъул аттестат тIагIун буго. Гьанжеялдаса гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.

## БИТIИЗАБИ

4 августалда къватIибе араб № 32 бугеб «Ахихъан» газеталъул 2-4 гьурмазда лъураб «Район туризмалъул рахьалъ цебетIеялъе» абураб материалалда РДялъул туризмалъул ва халкъиял промысалъазул министр абураб бакIалда фамилия цIализе ккола Закавова Рабият АхIмадовна,-абун.

Районалъул информационнияб хьулухъалъул ва «Ахихъан» газеталъул редакциялъул хIалтIухъабаз гьваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго мировияб судалъул хIалтIухъан МухIастанова Меседода ва тIолабго гIагарлъиялда гьелъул эбел **ХIабсат** Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас гьелъие алжан насиб гьабеги, нахъе ругезе халатаб гIумроги кьеги!

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация
Унцукульского района

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА
САНИЯТ
КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 10 . 8. 16 г. 14. 20
фактически -16. 500 мин.
.......................................

Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.